ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУ МАЗЭМ И 1 ЛЫАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№154 (23.062) • 2015 гъэм шыщхьэIум (августым) и 11, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдок! • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ДАХ-м и лIыкIуэхэр Тыркум щыIащ

Iуащхьэрэ Iуащхьэрэ зэхуэзэрыкъым, цIыхурэ цIыхурэ зэхуоэз, зэхуэзэр зэрощIэ, зэрыщIэр зэдощI, зэдэщI гуащIафIэщ.

Къэрал зыбжанэм Iэху щызэфIагъэкIыну ежьа гупыр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъуроку Хьэутий**, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ, АР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэ **Мэшбащ Исхьэкъ**, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщ Мухьэмэд** сымэ япэу здэкIуар адыгэ нэхъыбэ щыпсэу Тырку къэралыгъуэращ. Гупыр япэу КАФФЕД-м и тхьэмадэм и къуэдзэу щыта Къылыш (Джатэ) Метин и унагъуэм ихьащ (Бурсэ кьалэ), абы и щхьэгъусэ, абхъаз бзылъхугъэ Ферданерэ и къуэ Нартанрэ щIэпхъаджащIэхэм зэрэIэщIэкIуэдам щхьэкIэ хуэгузэвэну. ХьэщIэхэм я гъусащ КАФФЕД-м и тхьэмадэ Хьэгъундокъуэ Яшар, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт Къущхьэ Догъан, Бурсэ щылажьэ Адыгэ Щэнхабзэ Хасэм и тхьэмадэ Тургут Левент сымэ.

ДАХ-м и лIыкIуэхэм адэкIэ я гъуэгум къыпащэу Анкара кIуащ. КАФФЕД-м къызэригъэпэща зэхуэсым Хасэ 42-м я тхьэмадэхэр, я лIыкIуэхэр кьакIуэпIат. Апхуэдэуи абы хэтащ Европэм щыIэ Кавказ Хасэхэм я Зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм и къуэдзэ, Германием ИкIиА Дыщэкl Эртан.

Къызэхуэсахэм я гуапэу ирагъэблагъащ хьэщIэхэр. ЗэIуцIэр иригъэкIуэкIащ КАФФЕД-м и тхьэмадэ Хьэгъундокъуэ Яшар.

ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий псалъэ щратым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщIэхэм я сэлам гуапэр хэхэсхэм ярихьажащ, адыгэ лъэпкъым XIX лIэщIыгъуэм и щхьэм кърикIуа гуэзвэгъуэр, абы и ягъэкIэ дуней псом щикъуэка дызэрихьуар зэи зыщыдгъэгъупщэ зэрымыхъунум кIэщIу къытеувыIащ. Лъэпкъыр щыгъуэ къудейкIэ зэрымыпсэуфынур, щыгушхуэн, щыгуфIэн махуи зэрыхуэныкъуэр, лъэпкъ псоми апхуэдэ махуэ зэрагъэр, адыгэм ар иджыри къэс зэримыгъэувыфар жиIащ абы. «ДАХ-м и Хасащхьэм ар къилъытэри, нэгъабэ къыщыщIэдзауэ фокIадэм и 20-р Адыгэхэм я дунейпсо махуэу дгъэнэхуащ, ар ди республикэ унафэщIми къыддиIыгъри, унафи къыщтащ. Нэгъабэ Iэхур дахэу екIуэкIащ, мы гъэм нэхъ Iэтауэ дгъэлъэпIэну ди мурадщи, ди къуэш хэхэс адыгэ куэди недгъэблагъэнущ», - къыпищащ Сэхъурокъуэм.

Апхуэдэу тхьэмадэр тепсэлъыхьащ ДАХ-р иужьрей илъэсищым зэлэжьахэм, бзэр, хабзэр хъумэн, зегъэужьын зэрыхуейм, Сирием къыщыхъуа тхьэмыщкIагъэм кърихужьэжа ди къуэшхэр Тыркум, Иорданием зэрыIэпхъуам, Хэкум къэкIуэжахэм зэрадэIэпыкъуам, нэгъуэщIхэм. Абы къыхигъэщахэм ящыщщ Кавказ зауэм и зэранкIэ, цIыхущхьэ бжыгъэр нэхъ мащIэ хъуам, дуней псом дытекIуэхьам, дызэкъуэтмэ, дызэрыIыгъмэ - абы фIыгъуэ куэд къызэрытхуихьынур.

АдэкIэ псалъэм къыпищащ гупым нэхъыжьыфIу яхэт, тхакIуэ цIэрыIуэ Мэшбащ Исхьэкъ:

- Куэд къзгъэщIащ сэ, ауэ сынасыпыфIэрэ сынасыпыншэрэ иджыри схузэхгъэкIакъым, - жиIащ абы. – Япэрауэ, сынасыпыншэщ. Сыту -жыIэмэ, сыщIалъэ цIыкIуу ибзу сыкъэнат, сызыпIыжар си нанэти, зы махуэ гуэрым сриджэри: «Модэ, мо щхьэгъубжэри мо бжэри хуэщIи, кьакIуи мыбдеж къэтIыс», - жиIащ. Бжэ-щхьэгъубжэр хуэсщIри, сетIысэхащ. Нанэ и пшынэр къищтэри, «Истамбылакl1уэ» гъыбзэм сригъэдэIуат езым жиIуэрэ. ТIуми ди нэпсхэр кьелъэлъэхырт. Абдеж щызыхэсщIат адыгэм ди щхьэм кърикIуа гуэзвэгъуэр зыхуэдэр, ар зэрыгуаузэшхуэр икIи насыпыншэу зыслъагъужат. Абы къыщыщIэдзауэ ди лъэпкъым къытехуа хьэзабым и лъужьыр къэсхутэу есхьэкIащ си гъащIэр.

Лъэпкъ куэдым я лейуэ адыгэм ди щхьэ кърикIуа гуэзвэгъуэшхуэм романитху зэрытриухуар жиIащ абы, нэхъ иужьу и Iэдакъэ хъыщIэкIа романыр, «Хэхэсхэр» зыфIищар, иджыблагъэ зэриухари дыщIигъуащ. Мэшбащ Iэм насыпыфIэу зыщIибжьыжэм ящыщщ ди лъэпкъыр къэушауэ, зэдэIужьу, зэнэнджэщу, акъыл зэхэлъкIэ ди Iуэхуэм щIэгупсысу, елэжьу иужьрей зэманым елъагъури.

- Хэхэс адыгэхэм сазэрыдэлажьэрэ ильэс 50-м нэблагъащ, - жиIащ ХьэфыцIэ Мухьэмэд и псалъэхэм я пэублэу. - Дуней псом щикъуэха адыгэхэм ящыщу зыгуэр зыхуэзэфIэкIауэ сымыцIыху, сызыщымыгъуазэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Дэ нобэ ди цIыху бжыгъэр мащIэ щхьэкIэ, лъэпкъ цIыкIу зытIъагъуж хъунукъым. Сыт хуэдиз цIыхушхуэ къытхэкIа - къэрал Iуэху зезыхьи, сурэтыщIи, тхакIуи, усакIуи, бэнакIуи... Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, хьэрыпкъэрал 22-м Дунейпсо Олимп Джэгухэм япэ увыпIэр къыщIахьауэ цIыхуи 3 къудей яIэу аращ, дэ апхуэдэ текIуэныгъэ зыIэрызыгъэхьауэ цIыхуи 8 диIэщ. Дызэрыпыгъыу, дызэкъуэту щытмэ, куэд тхузэфIэкIынущ. Зэи диту дгъэкIуэд хъунукъым.

Хьэщ1эхэр псэлъа нэужь, зэIуцIэр упцIэ-жэуапым хуэкIуащ. УпцIэхэр нэхъыбэу теухуауэ щытащ ДАХ-м и лэжьыгъэм, УФ-р зи хэкуу къэзылъытэхэм къэрал гулъытэ зэрамыIэм, дуней псом щикъухьа адыгэхэр Урысеим и цIыхуу къызэримыбжьым, хэхэс адыгэхэр Дунейпсо Адыгэ Хасэм куэдкIэ зэрыщыгугъым, нэгъуэщIхэми.

ДАХ-м и лIыкIуэхэм хьэщIагъэ ирахыу ирагъэжьэжа нэужь, КАФФЕД-м хэтхэр я кьалэн иужь ихьэжащ икIи фокIадэм Налшык щекIуэкIыну Х Зэхуэсышхуэм кIуэнухэр ягъэнэхуащ, къыщаIэтыну упщIэхэри зэпкърахащ.

ХЪУАЖЬ Фахъри.
Анкара къалэ

«2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм мэкъуаугъуэм и 30-м
№281-П-П

«2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

1. «2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм мэкъуаугъуэм и 30-м
№286-П-П

Газ IуэхущIапIэ иным и унафэщIыр зэрахъуэкIащ

«Газпром межрегионгаз Пятигорск» Iуэхущ1апIэм и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIу ягъэуваш Пщыгъуэш МуIэед. Шыщхьэ1ум и 5-м КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий хэту ирагъэкIуэкIа зэIущIэм къырихьэлIахэм ар яригъэцIыхуащ «Газпром межрегионгаз Пятигорск» зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор Деревянкэ Аркадий.

АБы къыхигъэщхьэхукIащ Пщыгъуэш МуIэед мы Iэнатlэм и зэхэлъыкIэм фIыуэ зэрыщыгъуаззэр, абы къыхэкIыу республикэм щыпсэухэмрэ промышленнэ предприятэхэмрэ газкIэ къызэгъэпэщынымкIэ щыIэ гугъуехьхэр къызэнэкIыным Iэкlуэлъакlуэу зэрырелэжьэфынур.

- «Газпром межрегионгаз» компаниери республикэм и унафэщIхэри абы щогугъ иджырей бгъэдыхьэкIэхэр къигъэсэбэпу лэжьыгъэр ирагъэфIэкIуэну, - жиIащ Деревянкэ Аркадий.

Мусуков Алий Iуэхущ1апIэм щылажьэхэм ехъуэхъуащ щIэуэ ягъэува унафэщIым ехъулIэныгъэхэр кьахудэкIуэну икIи хэхауэ жиIащ иджыпсту мы Iэнатlэм щыIэлъэпощхьэпохэр къызэнэкIынымкIэ властым и орган псоми ящIыгъуу дэлэжьэн зэрыхуейр, республикэм и Правительствэри Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм сыткIи защIигъэкъуэну зэрыхьэзырыр.

«Газпром межрегионгаз Пятигорск» ООО-м и къудамэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

НэхъыфIхэр къыщыхах

• «Кавказ джэгукIэхэр-2015»

«Кавказ джэгукIэхэм» я еханэ фестивалыр мы гъэм жэлпуэгъуэм и 5 - 7-хэм Псыхуабэ щекIуэкIынущ. Спорт-щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ щызэпеуэн мурад яIэу абы щызэIущIэнущ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм хиубыдэ хэгъуэгу псоми я лIыкIуэхэр.

СПОРТЫМКIЭ я зэфIэкIыр, я щэнхабзэр зыхуэдэр Кавказым ис лъэпкъхэм щагъэлъагъуэ я зи чэзу зэхьыхьэм ягъэкIуэнухэр щызэхагъэкI зэхьэзэхуэ щхьэхуэхэр мы махуэхэм хэгъуэгу псоми щрагъэкIуэкI. Абы хэм ящыщ зыт щыщхьэIум и 9-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэ Налшык къыщызэрагъэпэща зэпеуэхэри.

Пщэдджыжьым сыхьэти 9-м ирихьэлIэу «Спартак» стадионым щызэхуэсат республикэм и муниципалитет псоми щызэхаша пэублэ зэпеуэхэм щытекIуахэр, абыхэм я гъэсакIуэхэр, къадэщIхэр.

- Нобэрей зэхьэзэхуэм дэ щызэхэдгъэкIынущ ди республикэм и цIэкIэ «Кавказ джэгукIэхэр-2015» фестивалым дгъэкIуэнухэр хэт сымэми, - жиIащ зэхьихьэр къызэIузыха, КъБР-м спортымкIэ и министр Хъущт Аслъэнбэч. - Къызэхуэсахэм гъэ я къэси хуэдэу жыджэру зыкъзэвгъэлъэгъуэну, къыфпэщылъ зэпеуэхэм фыщекъулIэну сынывохъуэхъу!

Спорт зэхьэзэхуэхэр лIэужьыгъуэ 12-кIэ зэхэгъэщхьэхукIуэу щытащ: кIапсэкIэ зыIэтыныжьмкIэ, хьэлъэ къэIэтыныжьмкIэ, лъэныжьмкIэ, къызэраджэныжьмкIэ, лъэпкъ бэнэкIэжьмкIэ, Iэпщащкlэ зэпекъуныжьмкIэ, шабзэ дзыжьмкIэ, мини-футболымкIэ, нэгъуэщIхэмкIи.

Тхыгъэри сурэтхэри
КЪУМАХУЭ Аслъэн *ейщ.*

Ерыскъыр Iисраф зэращIыр ядэркъым

Иужьрей махуэхэм УФ-м нэхъыбэу зыщыгтепсэлъыхьахэм ящыщщ ди къэралым къашэну хуит ямыщIа ерыскъыхэр зэрыраклутыр, тракторхэмкIэ зэрызэхапIытIэр.

Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм ди цIыхухэр къиГъэуIэбжьам и закъуэкъым, атIэ къигъэгубжьащ. «Тэмэму къэфлъытэрэ апхуэдизэ ерыскъыр Iисраф зэращIыр?» - жаIэу зэупщIа ди цIыхухэм я процент 90-м ар яфIэкъабылкъым. Ерыскъыпхъэ тоннищхэр щыскъыншэу щIым щиц зэращIым емыплъыфахэри къахэкIащ зэупщIахэм. Куэдым ягу къагъэкIыжащ Ленинград блокадэр, щIакъуэ Iыхьэ ямыгъуэту дунейм ехьжа сабийхэр, хэти кьигурыIуэркъым а ерыскъыхэр нэхъ хуэныкъуэхэм, хуэмыщIауэ псэучхэм пщIэншэу яхуэбгуэш е сабий унэхэм, жьы хъуахэр щIапIыжхэм яхуеБгъашэ щIэмыхъур.

«ЩIымыхъужкIи, зауэ щекIуэкI Донецкэ, Луганскэ щIынальхэм щIыхурамыгъашэр сыт? Ирикъуу яшхын зымыгъуэтхэм я дежкIэ а ерыскъыхэкIэр икъукIэ щхьэпэ хъунут», - жызыIахэм арэзы ядэхъуахэри куэдыкIейщ.

Хэт сыт жимыIами, псалъэмакъыр зыхуэкIуэжар зыщ: ерыскъым пщIэ хуэщIын хуейщ, къэралхэр санкцэкIэ уэзэпуэва щхьэкIэ, ар зэпэбубыд хъунукъым.

Проценти 8,3-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ

Китайр нэхъ зызыужь къэралхэм хабжэ ди зэманым.

Апхуэдэу щытми, я таможеннэ управленэм къызэритамкIэ, нэгъуэщI къэралхэм ирагъашэ продукцэм мазэ кIуам проценти 8,3-кIэ кIэрыхуащ. Экспортыр бадзэуэгъуэм доллар мелард 43-кIэ щIехуэхам и щхьэусыгъуэу къагъэлъагъуэхэм я нэхъыщхьэр абыхэм я продукцэм Европэм щыIэ ЗыIэтыныжьмкIэ, хьэлъэ къэIэтыныжьмкIэ, лъэныжьмкIэ, лъэпкъ бэнэкIэжьмкIэ, Iэпщащкlэ зэпекъуныжьмкIэ, шабзэ дзыжьмкIэ, мини-футболымкIэ, нэгъуэщIхэмкIи.

Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм ди цIыхухэр къиГъэуIэбжьам и закъуэкъым, атIэ къигъэгубжьащ. «Тэмэму къэфлъытэрэ апхуэдизэ ерыскъыр Iисраф зэращIыр?» - жаIэу зэупщIа ди цIыхухэм я процент 90-м ар яфIэкъабылкъым. Ерыскъыпхъэ тоннищхэр щыскъыншэу щIым щиц зэращIым емыплъыфахэри къахэкIащ зэупщIахэм. Куэдым ягу къагъэкIыжащ Ленинград блокадэр, щIакъуэ Iыхьэ ямыгъуэту дунейм ехьжа сабийхэр, хэти кьигурыIуэркъым а ерыскъыхэр нэхъ хуэныкъуэхэм, хуэмыщIауэ псэучхэм пщIэншэу яхуэбгуэш е сабий унэхэм, жьы хъуахэр щIапIыжхэм яхуеБгъашэ щIэмыхъур.

«ЩIымыхъужкIи, зауэ щекIуэкI Донецкэ, Луганскэ щIынальхэм щIыхурамыгъашэр сыт? Ирикъуу яшхын зымыгъуэтхэм я дежкIэ а ерыскъыхэкIэр икъукIэ щхьэпэ хъунут», - жызыIахэм арэзы ядэхъуахэри куэдыкIейщ.

Хэт сыт жимыIами, псалъэмакъыр зыхуэкIуэжар зыщ: ерыскъым пщIэ хуэщIын хуейщ, къэралхэр санкцэкIэ уэзэпуэва щхьэкIэ, ар зэпэбубыд хъунукъым.

союзым хыхьэ къэралхэм къыщыщIэупщIэхэр нэхъ мащIэ зэрыхъуарщ. Пэжщ, абы къэралым щытегуэвэвыхьыщкрэкъым. Езыхэм я юаным и къарум нэхъ зэрыхэхъуам къыкъуогушхукI.

♦1485 гъэм Италием щыщ архитектор Фрязин Антон (Джиларди Антонио) Москва Кремлым и Тайницкэ чэщанэр ухуэн щIидзащ.

♦1959 гъэм Москва къыщызэIуахащ «Шереметьево» аэропортыр. Абы япэу къыщетIысэхащ Ленинград къыльэтыкIа Ту-104 кхъухьлъатэр.

♦1973 гъэм СССР-м гъэлъэгъуэн щыщIадзащ серие куэд хъу «Семнадцать мгновений весны» фильмыр.

♦1979 гъэм Днепродзержинск къалэм пэмыжьыжьэу уэгум щызэжьэхуащ Ту-134 кхъухьлъатэтI. Абыхэм иса цIыхуи 178-р иукIащ, Ташкент къалэм и «Пахтакор» командэм хэта футболист 17-ри абыхэм яхэту.

♦Куржьм и кьалащхьэ Тбилиси щекIуэкIынущ УЕФА-м и Суперкубокыр къэхьныным теухуа зэIущIэ. А саугъэтыр къэхьныным щIэбэнныщ Испанием щыщ командитI - «Барселона»-мрэ «Севилья»-мрэ.

♦КъБР-м и цIыхубэ артист, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Къаздэхъу Сулътан** къызэралъхурэ ильэс 81-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, РАЕН-м и член-корреспондент, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Елгъэр Анатолий** и ныбжьыр ильэс 70 ирокъу.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Дзыхьмыщ Иринэ** къыщалъхуа мазхуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 – 31-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхьэунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зи Iэгу нэщIым и нэгу щIыIэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм щІышылэм и 28-м къыдигъэкІа унафэ №10-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м *Налшык къалэ*
№151-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ**:

«2015 - 2017 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзу хозяйствэр тэмэму лэжьэныкІэ зэфІэгъэкІынпхъэхэм я Іуэхукіэ» 2015 гъэм щІышылэм и 28-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм кІыщта унафэ №10-ПП-м халъхь зэхъуэкІыныгъэхэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и кІалэнхэр зыгъэзащІэ **ДАДЭ МуІэед**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм накъыгъэм и 29-м къыдигъэкІа унафэ №114-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Унафэ

2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м *Налшык къалэ*
№153-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псоми къагъэсэбэп и автомобиль гъэзугу щІыналъэ мыхьэнэ зиІэхэр щІэпщытыкІынымрэ абыхэм я списк кІыхэтхыкІахэр къэщтэнымрэ, апхуэдизкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм щышъхьуІуи и 17-м къыдигъэкІа унафэ №216-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм накъыгъэм и 29-м къыдигъэкІа унафэ №114-ПП-м халъхь зэхъуэкІыныгъэхэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и кІалэнхэр зыгъэзащІэ **ДАДЭ МуІэед**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм фокІадэм и 24-м къыдигъэкІа унафэ №264-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Унафэ

2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м *Налшык къалэ*
№154-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ**:

«2013 - 2020 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм исхэр псэуІэкІэ къызэгъэпэщыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и кІэрал программэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм фокІадэм и 24-м къыдигъэкІа унафэ №264-ПП-м мы унафэм и гуэдзэным зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и кІалэнхэр зыгъэзащІэ **ДАДЭ МуІэед**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж Санитариемрэ эпидемиехэм япэщІэтыныкІэ ведомствэхэм зэдайуэ щыІэ комиссэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Унафэ

2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м *Налшык къалэ*
№159-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж Санитариемрэ эпидемиехэм япэщІэтыныкІэ ведомствэхэм зэдайуэ щыІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м къыдигъэкІа унафэ №141-ПП-мкІэ кІищтам, мы кІыхкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) комиссэм хэгъэхьэн мы кІыхкІэлъыкІуэхэр:

Нэхущ Р. Д. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гигиенэмрэ эпидемиологиемкІэ щыІэ центр» узыншагъэр хъуэмэныкІэ федеральнэ Іуэхущ Іапі эм и дохутыр нэхъыщхьэм и кІалэнхэр зыгъэзащІэр *(эзгурыІуаэ)*;

Ромашкин И. К. - кІэрал кІуэцІ ІуэхуэмкІэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр *(эзгурыІуаэ)*;

б) комиссэм хэт мы кІыхкІэлъыкІуэхэм щІэуэ ирата я кІуалыкъуэр къэгъэльэгъуэн:

Пагуэ Ж. А. - Щэхуакіуэхэм я хуитыныгъэхэр хъуэмэныпэ щІыхуэ зэІуэзэщІ псэукІэ иІэныпэ я Іэнатіэм щыкІэльыплъыныкІэ федеральнэ кІуалыкъуэщІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(эзгурыІуаэ)*;

Ещтрэч С. Хь. - «СтандартизацэмкІэ, метрологиемкІэ, гъэунэхуныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ кІэрал щыналъэ центр» федеральнэ Іуэхущ Іапі эм и унафэщІыр *(эзгурыІуаэ)*;

в) комиссэм кІыхэгъэкІыжьын Бэракъ Р. У., Васильев С. В. сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и кІалэнхэр зыгъэзащІэ **ДАДЭ МуІэед**

Пассажирхэр къешэкІыным пыщІа Іуэхуэмкіэ ведомствэхэм зэдай комиссэм теухуа Положенэм, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Унафэ

2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м *Налшык къалэ*
№161-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ**:

Пассажирхэр къешэкІыным пыщІа Іуэхуэмкіэ ведомствэхэм зэдай комиссэм теухуа Положенэм, «ЦІыхухэр автомобиль, электрическэ пассажир транспорткІэ къешэкІынымр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщызэгъэпэщыным теухуауэ» 2009 гъэм гъатхэпэм и 5-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкІа унафэ №43-ПП-мкІэ кІищтам, зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн икІи абы и пункт 5-р мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхъын:

«5. Пыуухкіауэ Комиссэм хэтхэр къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкІэ и кІэрал комитетым и унафэкІэ.».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и кІалэнхэр зыгъэзащІэ **ДАДЭ МуІэед**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм гъатхэпэм и 14-м къыдигъэкІа унафэ №88-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м *Налшык къалэ*
№164-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм опекэмрэ попечительствэмкІэ лэжьыгъэхэр къыщызэгъэпэщыныр гъэзэщІэныр» теухуауэ» 2013 гъэм гъатхэпэм и 14-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкІа унафэ №88-ПП-м халъхь зэхъуэкІыныгъэхэр къащтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и кІалэнхэр зыгъэзащІэ **ДАДЭ МуІэед**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-м *Налшык къалэ*
№460-рп

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур зехьэным и Іуэхукіэ» 2001 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №70-РЗ-м ипкъ иткІэ:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэ информацэ центр» акционер зэгухьэныгъэ хэмыгъэщхьэхуКІа (адэкІэ - «КъБР-м и РИЦ» АО) къызэгъэпэщын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ «Универсальнэ электрон картэ» акционер зэгухьэныгъэ зэІухамрэ хэту икІи къызэгъэпэщакІуэхэм акцэхэр мы кІыкІэлъыкІуэм хуэдэу ятегуэшауэ:

а) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІымрэ мылъкумрэ я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм - процент 49-р;

б) «Универсальнэ электрон картэ» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам (Москва къалэ) - процент 51-р.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІымрэ мылъкумрэ я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм и пщІэ илъхьэн:

а) «КъБР-м и РИЦ» АО-м щыІэуэ Іуэхущ Іапі эщ Іэм и къызэгъэпэщакІуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІкІэ къэуцыну;

б) «КъБР-м и РИЦ» АО-р къыщызэрагъэпэщкІэ абы и акцэхэм я уасэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыбгъэдэкІуу «КъБР-м и РИЦ» АО-м и устав мылъкум законодательствэм зэрыщыгъэуварэм хуэдэу сом мин 980.0-рэ хилъхьэну;

в) «КъБР-м и РИЦ» АО-м и унафэщІ органэр «Универсальнэ электрон картэ» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам щыІуэу къызэригъэпэщыну икІи ар къэралым ирагъэтхьэн папщІэ зыхуей документхэр къэхъэзырыныр зыхуэфащэ Іуэхуэхэр дэгъэкІынымрэ къызэригъэпэщыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансэмкіэ и министерствэм хуэгъэувын 2016 гъэм, 2017, 2018 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр щигъэхьэзырКІэ «КъБР-м и РИЦ» АО-м и устав мылъкум халъхьэн хуей сом мин 980.0-р къилъытэну.

4. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщІэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и кІалэнхэр зыгъэзащІэ **ДАДЭ МуІэед**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м *Налшык къалэ*
№471-рп

«Урысейм и Художникэм я союз» Урысейпсо жылагъуэ творческэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм къиргъэхьа тхыгъэм хэлпъауэ икІи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур зэрызэрахьэм и Іуэхукіэ» 2001 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №70-РЗ-м и 29-нэ статьям тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ**:

1. «Урысейм и Художникэм я союз» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм пщІэншэу къэгъэсэбэпыну илъэси 10 пІалъэкІэ етын ямыгъэІэпэхуэу мылъкум хиубыдэ ухуэныгъэ - цехым и унэу псори зэхэту метр зэбгрыуэнатІэу 120-рэ къызэрыкІыр, зи баланс уасэр соми 192,200-рэ хъур, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хиубыдэр, Налшык къалэ, Балъкъэр уэрам, 101 адресыр зиІэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІымрэ мылъкумрэ я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм хуэгъэувын мы унафэм и пункт 1-м къыщыгъэльэгъуа ямыгъэІэпэхуэу мылъкур пщІэншэу къэгъэсэбэпыным теухуауэ «Урысейм и Художникэм я союз» Урысейпсо творческэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм зэгурыІуэныгъэ ирищІэІэну.

3. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщІэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и кІалэнхэр зыгъэзащІэ **ДАДЭ МуІэед**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м *Налшык къалэ*
№472-рп

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур зэрызэрахьэм и Іуэхукіэ» 2001 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №70-РЗ-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хиубыдэхэр муниципальнэ мылъкум зэрыхагъэхьэ, муниципальнэ мылъкум хиубыдэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум зэрыхагъэхьэ щыкІэм и Іуэхукіэ» 2002 гъэм гъатхэпэм и 2-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №15-РЗ-м ятІонэрэ иткІэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум мы унафэм и гуэдзэным къыщыгъэльэгъуа спискэм тету муниципальнэ мылъкум хэгъэхьэн псори зэхэту сом 78176891,68-рэ зи баланс уасэ мылъкур.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІымрэ мылъкумрэ я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм хуэгъэувын мы унафэм и пункт 1-м къыщыгъэльэгъуа мылъкур муниципальнэ мылъкум хэгъэхьэныкІэ зыхуэфащэ юридическэ Іуэхуэхэр зэфІигъэкІыну.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщІэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и кІалэнхэр зыгъэзащІэ **ДАДЭ МуІэед**

Урысейм зиужьын щхьэкІэ хэкІыпІэфІщ

● Мэкъумэш Іэнатіэ

Италием щыщ агроном пашэ, Бахъсэн щыналъэм щызэрахьэ «Агро-Ком» иджырей теплицэ комплексым и зыужькІэм кІэлъыплъ Баттистели Паоло предприятэм щыІэу, абы и щытыкІэр къепщытэ, и лэжьыгъэр зэкІэлъытэкІуэ, къэралым къращыпІа санкцэхэр мэкъумэш Іэнатіэм зэрылъэІэсым теухуауэ и гупсысэхэмкІэ ядогуашэ.

- ПЭЗЫУЫД санкцэхэр дэтхэнэ къэралми дежкІэ зэранщ. Ауэ, Урысейр къащтэмэ, абы зиужьынымкІэ, мылъку зэригъэуІуэнымкІэ ахэр сэбэп хъунущ. Мэкъумэш Іэнатіэр зэрефІэкІуэнур бзаншц, сыту жыпІэмэ, властым абы гулъытэ хуещІ, - хьехегъэщ Италием щыщ агрономым. - Урысейм и мэкъумэшыщІэхэр хьэрычэт зиІэ, Іуэхуэм тегушхуэ цІыхухэщ. Мы щытыкІэм технологиещІэхэм, агробизнесым и зехьэкІэм зригъэужьыну къизольытэ.

Паоло къызэригъэлъэгъуамкІэ, «Агро-Ком» теплицэр къэралым биокІэлъплъыныгъэр япэу къыщагъэсэбэп предприятэщ. НэгъэщІу жыпІэмэ, химие Іэмалхэм я пІэкэ, энтомофагхэмкІэ (гъудзбадзэ) къэпІащІэхэм япэщІэтщ. Ахэр къэкІыгъэхэм я дежкІэ зэранкъым, ауэ хьэпІащІэхэр, абыхэм хэрашагъащІэхэмрэ я жылэмрэ я шхыныгъущ. Щыгъагъэ зэманым биоІэмалыр къагъэсэбэп, абы папщІэ щыжьбжь (шмель) матэхэр щІагъэуващ.

- Химиер къэкІыгъэхэм зэранышхуэ яхуохъу, бэвгъым кІэрегъэху. БиоІэмалым и фІыгъэкІэ, абыхэм хъарзынэу зауж,- жеІэ Баттистели Паоло.

ПІалъэ кІэщІым къриубыдэу гектар 20-м иджырей технологие нэхъыфІ дыдэхэмкІэ помидор зехьэкІэм щыхуэхІущІэ. Хьэсэ цІыкІум бэвгъышхуэ къызэрыщытым и мызакъуэу, комплексым нэгъуэщІ ефІэкІыныгъэхэри иІэщ.

- Мы гъэм хадэхэкІ хъарзынэ - помидору тонн минипщІ къетхьэпІэжыну ди мурадщ, - жеІэ гушхуэу комплексым и агроном нэхъыщхьэ Псэун Арсен.

Бахъсэн щыналъэм и администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі эр.



● ЗэІущІэхэр

Мазихым кърикІуахэр

Тезырхэр зытралъхьахэм егъэпшынынымкІэ УФ-м и федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыІэм и коллегием и зэІущІэм блэкІа мазихым я лэжьыгъэм кърикІуахэм щыхэплъэжащ. 2015 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъущхьэ щІэбзыхуащ.

ЗэІущІэм хэтащ Іуэхущ Іапі эм и тхьэмадэ, къэрал кІуэцІ къулыкъуэм и полковник Мэржэхъу Мухьэмэд, абы и къуэдзкІэ, УФСИН-м и Іэнатіэхэм я унафэщІхэр.

ЗЭІУЩІЭМ къызэрыщагъэльэгъуащи, КъБР-м щыІэ УФСИН-м и нэІэм щІэтщ Іэнатіэ 5 - тезырхэр щапшыныж колониер 4, СИЗО-1-р, къищынэмыщІауэ, республикэм и районхэм къудами 10 щызиІэ уголовнэ-гъэзэщІакІуэ инспекцэр. Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыІэм и Іуэхущ Іапі эм щыІу 2819-м ятещІыхьащ. Мы гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу абыхэм щаІыгъщ шэч зыхущІ, ягъэкъуанщэ икІи суд зытращІыхьа щыІу 2000-м нэблагъэ. 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку заущхуэр ди Текіуэнгъэкіэ зэрирхэр ильэс 70 зэрыкъум ирихьэлІэу Къэрал Думэм и УнафэкІэ екІуэкІа амнистиеи и фІыгъэкІэ хуит хьужащ суд зытращІыхьауэ КъБР-м щыІэ УФСИН-м и Іуэхущ Іапі эм щаІыгъэм я ящыщу 186-р. А Іуэхущ Іэр иджыри яухакъым.

Коллегием щыхэплъащ хабзэр зэрагъэзащІэм, оперативнэ лэжьыгъэр зэрегъэкІуэким. ЯгъэтІысахэр щаІыгъ Іуэхущ Іапі эм жып Іа телефонэр, хуит ямыщІ Іуэхуэпшпхэр дахьэну хэтаХэм яхуэгъэзауэ административнэ жэуапым ирашалІэр мащІэкъым, къапщтэмэ, мы мазихым щыху 33-рэ а хабзэм ебэкъуащ. Апхуэдизкъм ирагъэпшынащ сом 59500-рэ.

УФСИН-м и Іуэхущ Іапі эхэр я кІалэнхэм зэрыпэлъэщыр кІыхагъащэщ. Абы и зы щапхъэщ ягъэтІысахэм ящыщ щыщІэпхъэжь къызэрымыхьаР.

Гупытэ хэха хуащІащ я лэжьакІуэхэр зыхуэдзм, абыхэм я дуней тетыкІэмрэ я кІалэнхэр зэрагъэзащІэмрэ.

ЗэІущІэм щызэпльащ тезырыр зыпшынхэм я щыІэкІэ-псэукІэр егъэфІэкІуэныным, лэжьэфын хуэдэу Іуэхур къызэгъэпэщыным теухуауэ яІэ хэкІыпІэхэр зыхуэдэм.

Мазихым кърикІуахэр къыщызэщІикъуэжьым, Мэржэхъу Мухьэмэд дэтхэнэ зы унэтІыныгъэмэ хуэфащэ гулъытэ хуищІащ, илъэс ныкъуэм я лэжьыгъэм щІалэгъуэлэм ди къэралым льагъымыхьныгъэ хуреГъащІ, ар Іуэпэм ищІу, ди деж щалэжь псори мыхъумыщІагъэу къельытэ. Апхуэдэ гупсысэм щІапІыкІа ныбжьыщІэхэр ягъэжакъуэ.

ЩІалэгъуалэр пэжым щІэпІыкІын хуейщ. Зыщи щышынэм, абы зыщызыдзейм зауэ зэхиублэнукъым, абы хьыхьэнукъым. Нэмыщ Іуэзым исахэм ираха лейр, мэжэщІалІагъэр, укІыгъэ бжьгъэнщэхэр:

«Дунейм и набдзэр щылъбырщ, дунейр зыгъэдахэри фэращ, ЇэщІагъэ дахэр насыпщи, насыпыр зыгуэшыр фэращ», - жиІауэ щытащ Хьэхъупащ Іэ Амырхъан.

САБИИФІКІЭ Тхьэр къахуэупсауэ цІыхубз куэд дэсщ нобэ Инарыкъуей жылэжьым. Абыхэм ящыщщ ДышщкІ Фуэз, Хъыбий Фоэз, Щад Мотя, Хьэщэ Нинэ, Щомахуэ КІушэ (ар дунейм ехьжащ). Нобэ си къалэмыр къызыхуэсщтар Шыдакъ Фуэзщ. Абырэ и щхьэгъусэ Хьэмзэтхъанрэ бын пщыкІутІ эздагъуэтат. А зэманым иджы хуэдэу къэралым зыкъыпщІигъакъуэрэ тэкъым, сабий ахъшэу ятри мащІэ дыдэт. Ауэ бын къэс насыпэ зырыз яІэт, сабий пІыным къигъэдзыхакъым зэщхьэгъуэсхэр. Хьэмзэтхъан жэщІмахуэ имыІэу, лэжьыгъэ зэхэгъэж имыщІу лэжьащ, гъэмахуэ хьупІэм щыІэ гугъуехьхэри игъэунэхуащ. А и гугъуехьхэр къалъытэри, а зэманым колхоз тхъэмадэу щыта Пэнагуэ Аэзмэтджэрий и фІыгъэкІэ пэш куэд хъу унэ екІу кратауэ щытащ. Хьэмзэтхъан абы иужькІи трактористу лэжьащ, абы тІорытІэ, щэрыщэ зэримыгъэдзэкІауэ колхозым зы хьэси иІакъым. Фузи и Іэр зэтедзауэ щысакъым, и бынхэр зыхуей хуигъэзэн папщІэ пщІакІуэ кІуащ, шылэ хьэпІащІэ иІуээшхащ, шкІаХуэуи жэмшуи лэжьащ. Зэхэщыкі яІэу къэтэдж бынхэм ящыщу жыхапхъэ къэзыщтэфыр пхъанкІэрт, хэти джэдкъаз игъашхэрт, адэ-анэм я гугъуехьыр зыльагъу цІыкІухэм яхуэзфІэкІыжкІэ абыхэм зыщІагъакъэрт. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Хьэмзэтхъанрэ Фузэрэ я зы щІалэ дунейм ехьжащ, мыдрейхэм я гуфІэгъуэ яльэгъуащ, дэтхэнэми щхьэ егъэзыпІэ иІащ. Хьэмзэтхъани нобэ кІэ унагъуэм ящхьэщытыжкъым, ауэ абы и щІыхьыр яхъумэрэ я адэ-анэм я цІэр фІыкІэ жрагъэІэу щІалилпІрэ хъыджэбзиблрэ яІащ, абыхэм къащІэхъуэжар 27-рэ мэхъу. 1975 гъэ льандэрэ Фузэ Анэ-ІыпІэхъжь цІэ льапІэр къыхуагъэфэщащэ зэрехьэ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, бын гумащІэхэм гулъытэншэ ящІыркъым я анэр. Фузэ и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъащ. Жьыщхъэ махуэ жьыхуэІэкІэ унагъуэм ящхьэщытыжкъым, ауэ абы и щІыхьыр яхъумэрэ я адэ-анэм я цІэр фІыкІэ жрагъэІэу щІалилпІрэ хъыджэбзиблрэ яІащ, абыхэм къащІэхъуэжар 27-рэ мэхъу. 1975 гъэ льандэрэ Фузэ Анэ-ІыпІэхъжь цІэ льапІэр къыхуагъэфэщащэ зэрехьэ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, бын гумащІэхэм гулъытэншэ ящІыркъым я анэр. Фузэ и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъащ. Жьыщхъэ махуэ жьыхуэІэкІэ унагъуэм ящхьэщытыжкъым, ауэ абы и щІыхьыр яхъумэрэ я адэ-анэм я цІэр фІыкІэ жрагъэІэу щІалилпІрэ хъыджэбзиблрэ яІащ, абыхэм къащІэхъуэжар 27-рэ мэхъу. 1975 гъэ льандэрэ Фузэ Анэ-ІыпІэхъжь цІэ льапІэр къыхуагъэфэщащэ зэрехьэ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, бын гумащІэхэм гулъытэншэ ящІыркъым я анэр. Фузэ и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъащ. Жьыщхъэ махуэ жьыхуэІэкІэ унагъуэм ящхьэщытыжкъым, ауэ абы и щІыхьыр яхъумэрэ я адэ-анэм я цІэр фІыкІэ жрагъэІэу щІалилпІрэ хъыджэбзиблрэ яІащ, абыхэм къащІэхъуэжар 27-рэ мэхъу. 1975 гъэ льандэрэ Фузэ Анэ-ІыпІэхъжь цІэ льапІэр къыхуагъэфэщащэ зэрехьэ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, бын гумащІэхэм гу-

Анэ, анэшхуэ гумащІэ

● Дэ къытхуатх

Сэри сыхуейщ Фузэ узынщагъэрэ гуфІэгъуэрэ щымыщІэу и бын дахэм илъэс куэдкІэ ящхьэщытыну сехъуэхъуну.

ХЪЫМБЭЗЭР Рашид.
Инарыкъуей къуажэ

Нэхъыжьхэм ди къалэн пажэхэр

Зауэм и бынхэм нэрымылъагъу къуэшыгъэ яку дэлъщ. Лъэпкъ, дин зэхэ-гъэж зимыІа гуаІуэм зы ищІащ ахэр.

● Абы дегъэпІейтей

А МАХУЭМ, 1941 гъэм мэкъуауэгъуэ мазэм и зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм ящыщ зым, зауэм щІидзауэ гурыщхъуэ льэпкъ тщІатэжькІ. Ар зыльэмыІэсахэм зыми зыри хамыщІыкІыу я Іуэху ящІэжу зэхэсу репродукторым къыІуКІа макъым дунейр игъэщхьэзыджат.

Зауэ фыдоцІылІэ жамыІэу къыттеуат. Нэмыщ зэрыпсукъуэкІэхэр Испанием щеКІуэжкІа гражданскэ зауэмкІэ, антифашист фильмхэмкІэ фІыуэ тщІыхурт дэ. Сабийхэр къэгъэнауэ, инхэр игъэшынат гъащІэ мамырым зыкъытезыубгъуа пшэ фІыцІэм. Абы яужь, зауэм и бынхэм афІэкІа зауэ ямыльагъужыну, дунейм цІыхуу тетыр а гуэзвэгъуэмкІэ ирикъуэуэ къащхьэуами къэпцІат. Зэ телевизорымкІэ долъагъу Украинэм щекІуэкІ зауэр. А тхьэмыщІхэм дэ дгъэва гуэзвэгъуэр ялъагъуну къахуиухат.

А зауэр зэхэзыублахэм ягъэпэрытыр езым я экономикэмрэ политикэмрэщ, зыми къыфІэІуэхуэным зэпэщІэувэныгъэм зэтрикъута гъащІэхэр.

Ныбэизыгъэм къызэгуидзэм я дежкІэ езым я хэхъуэр куэдкІэ нэхъ льапІэщ цІыху гъащІэм нэхърэ. Ди я къэралым ис цІыху къызэрыгуэкІ куэдым Украинэм къикІахэр ирагъэблагъэри яхуэзфІэкІымкІэ зыщІагъэкъуащ.

Зауэм и пІуэжьыр инщ, абы и хъэпсэхэр хуабжьу гъэтхъуГъуэщ. Ар къыбжаІэфынущ а гуэзвэгъуэр зи нэгу щІэкІа псоми. Зауэм и гуащІагъымрэ абы къишэ тхьэмыщІкІэгъэщІ цІыхухэм зэхащІыкІын папщІэ, Хэку зауэшхуэм хэта нэхъыжьхэм къалъэтэжхэм жьыри щІэри щІэгъэдэІун, абыхэм кинофильм трахын хуейуэ къызолъытэ. Ар нобэ дымылэжьмэ, пщэдей дызыхущІегъуэжьну Іуэхущ. Украинэм иужьрей илъэс 20-м къриубыдэу и щІалэгъуалэм ди къэралым льагъымыхьныгъэ хуреГъащІ, ар Іуэпэм ищІу, ди деж щалэжь псори мыхъумыщІагъэу къельытэ. Апхуэдэ гупсысэм щІапІыкІа ныбжьыщІэхэр ягъэжакъуэ.

ЩІалэгъуалэр пэжым щІэпІыкІын хуейщ. Зауэм щышынэм, абы зыщызыдзейм зауэ зэхиублэнукъым, абы хьыхьэнукъым. Нэмыщ Іуэзым исахэм ираха лейр, мэжэщІалІагъэр, укІыгъэ бжьгъэнщэхэр:

куэд, куэд дыдэ мэхъу а гуэзвэгъуэр.

А псори пльэгъуа иужь, нэхъ куужу зыхьибощІэ зэрыльытэу, пщІэ зэхуащІу зэдэпсэун зэрыхуейр. Ди щІалэгъуалэм къагурыІуэн хуейр зыщ: зылІ и быну узэкъуэмытмэ, ди къэралыр зэкъуэудыну, хагъэщІэну яужь къихьэзэн ипэпэщыныкъым. Дэ дыхуейкъым ди щІалэгъуалэм зауэм и джэ макъ я тхьэкІумэм къиІуэну, абы къыхэкІыу нэхъыжьхэм ди къалэн нэхъыщхьэщ ахэр къуажэр, къалэр, республикэр, я къэралыр фІыуэ ялъагъуну, абы къыщхьэщыжу дгъэсэну.

Зауэм къишэ тхьэмыщІкІагъэм елъытауэ иджыпсту гугъу дызэрехьэр зырикІщ. Ар наІуэ фщыхьэн хуэдэу си сабиигъуэм щыщ зы хьыбар кІэщІ къыфхуэсІуэтэжкІщ. ИлъэсыщІэр къыщидгъэхьэ махуэм сабийжэм псей щІэращІэ тхуагъэуват. Дэ, нэхъ цІыкІуэм, къыджаІащ иджыпсту адэ-анэм къахьауэ япІ хъыджэбз цІыкІу гуэр къыщыхьэн хуейуэ, ауэ абы зыкІи зыкъдгъэщІэн хъунутэкъым. Абы и анэр, и анэшхуэмрэ и дэлъхухэмрэ и гъусэу Одессэ дэк брамым (паром) тету, нэмыщІ кхъухьлъатэм лъахъшэ зищІи, псори зэтриукІат. Брамыр псы Іуфэм къыщысам къалъэгъуащ, щытахэр къызэрытеджэлам и фІыгъэкІэ, илъэсиплІ зи ныбжь хъыджэбз цІыкІур псэууэ къызэрелар. Абы щыгъуэ, дэ, зауэм и бынхэм къыджаІат а цІыкІум зыкІи демыугъщІыну, ауэ тедгъэщІу, дызджэгуу дыбгъэдэсыну. Хъыджэбз цІыкІур къыщыщІашам псори дыкъэуІэбжьат, абы и щхьэцІр уэсым хуэдэу хужьу тхъуат, и нэкІуэр зэлъаУэ лэдэх инхэр иІэт. И нэ цІыкІуэр балигъым хуэдэу къоплъырт. Гуащэ иратати, яп щыкІэ зэпиплъыхьри, итІанэ и нэпсыр зымыІыгъу, зыгуэрхэр жриІэжурэ гущІыхьэу гъат. Езы цІыкІум и нэгу щІэкІар зэрыщымыгупщэжьнум хуэдэу, ар сэ зэи сигу ихужьнукъым.

Сыт зэманми ди лъэпкъхэм я мамыр гъащІэмрэ псэуныгъэмрэ нэхъыжьхэм я акъыл гъэтІылъакІэ, абыхэм я чэнджэщ щхьэпэхэмкІэ къызэгъэпэща хъуэу щытащ. Зэманым зихъужу гъащІэм щІэ куэд къыхьыхьами, иджыри нэхъыжьхэм ди къалэнщ а Іуэху пажэхэр.

ДЖЫРАНДОКЪУЭ Михаил.

● ДифI догъэлъапIэ

ЩIэныгъэлI, цIыху щыпкъэ Ержыб Аслъэн

Къэбэрдей-Балъкъэрми Къэрэшей-Шэрджэсми цыщIэрыIуэ щIэныгъэлI Iэзэ, къэхутакIуэ емызэщ, методист IэкIуэлъакIуэ икIи егъэджакIуэ нэс Ержыб Аслъэн Къуэшы и къуэм и щыбжьыр мы махуэхэм илъэс 85-рэ ирокъу. Ди республикэм и нэхъ щIыпIэ дахэхэм, берычэтхэм ящыщ Лэскэн районым хыхьэ Урыху адыгэ къуажэм къыщалъхуащ ар, къыщыхъуари мэкъумэзыщIэ унагъэущ.

АСЛЪЭН и адэ-анэм бынипщI зэдагъэятат, арщхьэкIэ балигъыпIэм нэмысу тхур дунейм ехьжри, зэщхьэгъуэхэм къащIэуващ щIалищрэ хъыджэбзитIрэ. Адэ-анэр хущIэкъуащ я бынхэр лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ тету, щIэныгъэм хуэпабгъэу къагъэтэджащ. Аслъэн унагъуэм я сабий курыттт. Абы и къуэш нэхъыжь СулътIани и къуэш нэхъыщIэ Александри щIэныгъэлI-агрономхэщ. Мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидат СулътIан РСФСР-м, КъБАССР-м щIыхь зиIэ я агрономщ, КъБАССР-м щIыхь зиIэ и нартыхугъэкIщ. Зэшхэм я шыпхъу нэхъыжь Афиян Ворошиловым и цIэр зэрихьэу Урыху щыхьэхэта колхозым жыджэру щылэжьащ. НэхъыщIэ Таужан адыгэбзэмрэ литературэмрэ илъэс 30-м нэскIэ щригъаджащ Налшык дэт школхэм ящыщ зым. Ар РСФСР-м щIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ и отличникщ, КъБАССР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэщ.

И сабиигъэри и щIалэгъуэри Урыху къуажэ дэсыгъэм щригъэкIуащ Аслъэн, абы еджакIуэ нэхъыфIхэм ящыщу курыт школыр 1951 гъэм кынухащ. Школ лъэхъэнэр жыджэру игъэкIуащ Ержыбым. ФIыуэ зэреджэм къыдэкIуэу, ар щхьэх имыщIэу хэтащ школым щекIуэкI гъащIэм: еджакIуэхэм я комитетым и пашэу, классым и старостэу, литературэ гупжьеIм и унафэщIу, школым и комсомол зэгухьэныгъэм и секретару щытащ. Апхуэдэу Аслъэн хэтащ атлетикэ псынщIэмкIэ щIыпIэм и командэ къыхэхам.

Курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ кынуха нэужь, Аслъэн илъэситIкIэ щылэжьэащ абы пионервожатэ нэхъыжьу икIи сурэт щIынымкIэ егъэджакIуэу, къэфакIуэ гупжьеIм и пашэу, 6-нэ «а» классым и унафэщIу. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм щIалэщIэр апхуэдизу дихьэхати, абы эуращ быдэ ищIащ и щIэныгъэм пищэну. 1953 гъэм ар щIэтIысхьащ Къэбэрдей къэрал пединститутым и тхыдэ-филологие факультетым и урысибзэ-адыгэбзэ къудамэм. Экзаменхэр фIыуэ зэритам къыхэкIыу, абы заншIэу стипендие хуагъэувауэ щытащ. Зэрихьбзэу, еджапIэ нэхъыщхьэми Ержыбыр фIы дыдэу щеджащ, щIэныгъэфIи зригъэужъуащ икIи студент нэхъыфIхэм ящыщу 1958 гъэм ди университетыр кьиухащ. ФIыуэ зэреджэм къыхэкIэ Ержыбым илъэсиплкIэ стипендие хэIэтыкIа кьратащ, пединститутым и Щ1ыхь пхъэбгъум и сурэтыр илъащ, факультетым и комсомол зэгухьэныгъэм и бюром хэтащ, абы и секретарым и къуэдзэу, курсым и старостэу нэгъуэщI жылагъуэ лэжьыгъэ зэмылIэжьыгъуэхэри илъэситкIым щIыхь пылъу икIи къызыхуэтыншIэу щигъэзэщIащ.

Спортыр фIыуэ зылъагъу щIалэщIэр институтым атлетикэ псынщIэмкIэ и командэ къыхэхам хэтащ. Ленинград къалэм 1955 гъэм щекIуэкIащ еджапIэ нэхъыщхьэхэм атлетикэ псынщIэмкIэ я урысейпсо зэхьэзэхуэ. Метри 100 къэжьныкIэ 3-нэ увыпIэр абы къыщихьауэ щытащ Ержыб Аслъэн.

Университетыр кьиуха нэужь, Ержыбыр Хьэтуей (Старэ Урыху) дэт курыт школым ягъэкIуащ урысибзэмрэ литературэмрэ игригъэджыну, арщхьэкIэ абы куэдрэ щылакъым. Ди республикэм щIэныгъэ IуэхуэхэмкIэ и министру абы щыгъуэ щыта Уэрсей Фаинэ и чэнджэщкIэ, ар министерствэм ирагъэблэгъащ анэдэлъхубзэр зэрадж тхылъхэмкIэ инспекторметодисту. Дзыхь хьыхуащIа а IэнатIэр щIыхь пылъу илъэсихкIэ ирихьэкIащ Аслъэн. Иужькъэ ар лэжьащ школхэм я инспектору (1964 - 1967), министрым и къуэдзэу (1967 - 1980), Лъэпкъ егъэджэныгъэмкIэ щIэныгъэкъэхутакIуэ институту Москва дэтым и аспирантурэр икIи 1973 гъэм и диссертацэр щыпхигъэкIри, педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ.

Жэуапльныгъэ зыпылъ а къалэныщхьэхэм кьадэкIуэу, абы жыджэру зригъащ творческэ лэжьыгъэм: абы щIидзащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ школ программэхэр къэпщытэныж, абы-хэм рецензэхэр яхуэтхыным, тхылъ щхьэхуэхэр къыдэгъэкIыным. Апхуэдэ абы и япэ лэжьыгъэу щытащ Къамбий ХьэматI, Нало Ахьмэдхан, Акъбащ Александр сымэ 3-нэ классым пащIэ зэхалъхьа «Анэдэлъхубзэ» тхылъыр егъэфIэкIуауэ къыдэгъэкIыныныр. БгIуанэ лэжьыгъэ нэхъ гугъур - 7-нэ классым адыгэ литературэр зэрыщащжьын тхылъ тэмэм зэхэлъхьэныртт. «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм 1965 гъэм къыщыдэкIа а тхылъри Ержыбым и екъуалIэныгъэфIхэм ящыщащ.

